

**PREMYE BWOUYON YON AVAN-PWOJÈ REGLEMAN  
POU FIKSE PLAN AMENAJMAN AK JESYON  
POU TEREN KI FÈ PATI PAK NASYONAL LA VIZIT AK FORÈDÈPEN  
EPI ZÒN TANPON YO**

**ESQUISSE D'AVANT-PROJET DE TEXTE REGLEMENTAIRE  
PORTANT ETABLISSEMENT D'UN PLAN D'AMENAGEMENT ET DE GESTION  
DES TERRITOIRES  
DU PARC NATIONAL LA VISTE AINSI QUE DE LA FORET DES PINS  
ET DE LEURS ZONES TAMPONS**

Vu les articles 36, 37, 64, 249, 253, 254, 256 et 257 de la Constitution de 1987,

Vu le Décret-Loi du 27 Novembre 1941 sanctionnant la *Convention pour la protection de la flore, de la faune et des beautés panoramiques naturelles des pays de l'Amérique*,

Vu la Loi du 4 Aout 1996 sanctionnant la *Convention sur la Biodiversité*,

Vu la Loi du 4 Aout 1996 sanctionnant la *Convention Internationale de Lutte contre la Dégradation des Terres et la Désertification*,

Vu la Loi du 12 Janvier 1934 complétée par la Loi du 4 Septembre 1934 qui définit les conditions et procédures d'octroi de biens ruraux de familles,

Vu l'arrêté du 6 Octobre 1937 déclarant zone réservée la région comprise entre Fonds Verrettes et Bodarie,

Vu le Décret-Loi du 28 Aout 1941 sanctionnant le contrat passé entre la République d'Haïti et la Société Haïtiano-Américaine de Développement Agricole incluant un clause de concession de forêts au Morne des Commissaires et au Morne La Selle,

Vu le Code Rural de Mai 1962,

Vu le Décret du 22 Septembre 1964 sur le fermage et

Lè nou gade atik 36, 37, 64, 249, 253, 254, 256 ak 257 Konstitisyon 1987 la,

Lè nou gade Dekrè-Lwa 27 novanm 1941 ki fè *Konvansyon pou pwoteje espès plant ak espès zannimo ki nan lanati epi bèlte peyizaj natirèl nan peyi Amerik la*, tounen yon lwa pou peyi Ayiti,

Lè nou gade Lwa 4 Daou 1996 ki fè *Konvansyon sou Biodivèsite* vin tounen yon lwa pou peyi Ayiti,

Lè nou gade Lwa 4 Daou 1996 ki fè *Konvansyon Entènasyonal pou batay kont degradasyon tè ak dezètifikasyon* vin tounen yon lwa pou peyi Ayiti,

Lè nou gade Lwa 12 janvyè 1934 ki te vin konplete pa Lwa 4 Sektanm 1934 ki defini fason pou moun benefisye Byen Riral Fanmi epi jan pou byen sa yo jere,

Lè nou gade Arete 6 Oktob 1937 la ki deklare zòn ki soti Fond Verrettes pour ale Bodarie, se yon zòn rezève,

Lè nou gade Dekrè-Lwa 28 Daou 1941 ki fè Kontra ki te pase ant Leta Ayisyen ak Sosyete Ayisyano-Ameriken pou Devlopman Agrikilti (SHADA) tounen yon lwa pou peyi Ayiti pandan kontra sa a gen ladanl yon angajman kote Leta bay konpayi sila a yon konsesyon pou eksplwate forè nan Mòn Dèkomisè ak nan Mòn Lasèl,  
Lè nou gade Kòd Riral mwa me 1962,

Lè nou gade Dekrè 22 sektanm 1964 sou anfèmaj

le loyer des biens du domaine privé de l'Etat,

Vu le Décret du 31 Mars 1971 organisant la surveillance et la police de la chasse,

Vu le décret du 4 Avril 1983 déclarant "Parcs Nationaux Naturels" les aires entourant le morne La Visite du massif de la Selle et le pic Macaya au massif de la Hotte,

Vu le décret du 12 octobre 2005 portant sur la gestion de l'environnement et la régulation de la conduite des citoyens pour un développement durable

- Considérant que le parc national La Visite, et la réserve forestière de la Forêt des Pins constituent des châteaux d'eau stratégiques pour deux départements géographiques du pays, l'Ouest et le Sud-Est et que cela en fait des cas de sécurité nationale,
- Considérant que le parc national La Visite a pour vocation de préserver l'habitat des espèces de faune et de flore sylvestres, typiques des écosystèmes de forêts humides de caducifoliées de montagne, de forêts de pins et de ..... du pays
- Considérant la nécessité de protéger, in situ, au niveau du Massif de La Selle, les restes de populations de 104 espèces végétales (de la mousse et des lichens aux arbres en passant par les épiphytes, les fougères et les espèces herbacées,) dont 36 espèces endémiques au Massif de la Selle. Parmi ces espèces, il y en a qui sont mal connues puisque elles n'ont pas de nom vernaculaire.
- Considérant, en particulier, qu'il convient de préserver, in situ, au niveau du Massif de la Selle, l'habitat de plusieurs espèces endémiques d'oiseaux comme le merle de La Selle (Wèt-wèt Lasèl), la paruline aux yeux rouges (ti chit Lasèl), le solitaire siffleur (zwazo mizisyen), la conure maîtresse (perich), l'amazone d'Hispaniola (jako), la paruline des pins (ti chit bwapen), le bec croisé à ailes blanches (bèk kwaze), le trogon damoiseau (kalson wouj), le

ak lwaye byen ki nan domèn prive Leta,

Lè nou gade Dekrè 31 mas 1971 ki òganize siveyans ak polis pou aktivite lachas,

Lè nou gade Dekrè 4 avril 1983 ki deklare zòn ki anviwonnen Mòn Lavizit nan Masif Lasèl ak Pik Makaya nan Masif Lawòt, se "Pak Nasyonal Natirèl"

Lè nou gade Dekrè 12 oktòb 2005 ki pale sou jan pou anviwonman an jere epi ki mete règleman sou konpòtman sitwayen yo pou yon devlopman dirab,

- Lè nou kondisere pak nasyonal La Vizit, epi rèzèv forè Forèdèpen se chato dlo stratejik pou pou 2 depatman nan peyi a, Lwès ak Sidès, ki vle di jesyon zòn sa yo rantre nan kategori dosye sekirite nasyonal,
- Lè nou konsidere pak nasyonal La Visit gen wòl pou pwoteje kondisyon ki pèmèt devlopman espès plant ak espès zannimo ki natif natal *ekosistèm rak bwa tè frèt, ekosistem forè pye pen* epi *ekosistèm .....* nan peyi a,
- Lè nou konsidere nesosite pou pwoteje, nan milye natirèl yo, onivo Masif Lasèl, rès popilasyon natirèl 104 espès plant (soti nan mous ak likenn pou rive nan pye bwa an pasan pa foujè, zèb ki pouse a tè epi espès epifit yo) espesyalman 36 nan pami yo ki natif-natal Masif Lasèl. Nan pami plant sa yo, gen anpil kominote a poko konnen valè yo dèske yo poko gen non kreyòl oswa, lè yo genyen youn, se ti gwoup moun tou piti ki konnenl.
- Lè nou konsidere nesosite pou pwoteje, nan milye natirèl yo, onivo Masif Lasèl, kondisyon lavi pou yon ekip espès zwazo ki natif natal peyi Ayiti tankou Wèt-wèt Lasèl (merle de La Selle), ti Chit Lasèl (paruline aux yeux rouges), Zwazo mizisyen (solitaire siffleur), Perich (conure maîtresse), Jako (amazone d'Hispaniola), Ti chit Bwapen (paruline des pins), Bèk kwaze (bec croisé à ailes blanches), Kalson wouj (trogon damoiseau), Tako (tacco

tacco d'Hispaniola (tako), le martinet sombre (zwazo lapli), la paruline quatre-yeux (Ti kit 4 je), l'émeraude d'Hispaniola (wanga-nègès mòn), le todier à bec étroit (chikorèt), l'élénie sara (tchit sara), le chardonnet des Antilles (ti seren), le Tangara d'Haïti (Kònichon), l'épervier brun (malfini mouche), la buse à queue rousse (malfini ke wouj), l'hibou maître-bois (mèt bwa), le chevêche des terriers (koukou), l'effraie d'Hispaniola (Frize), le pigeon (ramye miyèt),

- Considérant qu'il convient de préserver, in situ, au niveau du Massif de La Selle, l'habitat d'espèces d'oiseaux migrateurs comme le Petrel diabolin (Chanwan Lasèl) et différentes espèces de parulines (ti kit).
- Considérant qu'il convient de préserver, in situ, au niveau du Massif de La Selle, l'habitat de l'agouti (zagouti), mammifère endémique au Massif de La Selle/Bahoruco et du Parc Macaya,
- Considérant qu'il convient de préserver, in situ, au niveau du Massif de La Selle, les habitats de 38 espèces (au minimum) de reptiles et d'amphibiens et de 20 espèces de lépidoptères,
- Considérant qu'il convient de préserver, in situ, au niveau du Massif de La Selle, l'habitat de .....
- Considérant que de nombreux territoires devant faire partie de ces aires, ont fait l'objet de spoliations, affectant la capacité de ces domaines à jouer les rôles qui leur sont assignés par la Loi,
- Considérant que, en dehors de Biens Ruraux de Famille, dûment octroyés et gérés conformément à la Loi du 12 janvier 1934, complétée par la Loi du 4 Septembre 1934, toutes les aires qui firent, par le passé, l'objet de concessions d'exploitation à des particuliers ou des entreprises commerciales, par l'Etat, sont du domaine privé de ce dernier,

d'Hispaniola), Zwazo lapli (martinet sombre), ti Kit 4 je (paruline 4-yeux), Wanga-nègès mòn (émeraude d'Hispaniola), Chikorèt (todier à bec étroit), Tchit Sara (élénie sara), ti Seren (chardonnet des Antilles), Kònichon (tangara d'Haïti), Malfini mouche (épervier brun), Malfini ke wouj (buse à queue rousse), Mèt bwa (hibou maître-bois), Koukou (chevêche des terriers), Frize (effraie d'Hispaniola), Ramey Miyèt (pigeon),

- Lè nou konsidere nesese pou pwoteje, nan milye natirèl yo, onivo Masif Lasèl, kondisyon lavi pou espès zwazo migratè tankou Chanwan Lasèl (petrèl diabolin) epi diferan kalite ti Kit yo (parulines),
- Lè nou konsidere nesese pou pwoteje, nan milye natirèl yo, onivo Masif Lasèl, kondisyon lavi pou zagouti (agouti) ki se yon espès mamifè ki pa egziste, nan leta sovaj, lòt kote sou latè pase sou Masif Lasèl ak Masif Baworiko epi nan Pak Makaya,
- Lè nou konsidere nesese pou pwoteje, nan milye natirèl yo, onivo Masif Lasèl, kondisyon lavi pou 38 espès diferan (pou pi piti) reptil al anfibyen tankou krapo, koulèv, zandolit epi pou 20 espès papiyon .....
- Lè nou konsidere nesese pou pwoteje, nan milye natirèl yo, onivo Masif Lasèl, .....
- Lè nou konsidere anpil nan teren ki ta dwe fè pati teritwa sa yo te sibi egzaksyon, sa ki diminye anpil kapasite domèn sa yo pou jwe wòl Lalwa bay yo,
- Lè nou konsidere, andeyò Byen Riral Fanmi ki te distribye epi jere jan sa prevwa nan Lwa 12 janvye 1934 ki te vin konplete pa Lwa 4 Sektanm 1934, tout teren Leta te bay an konsesyon nan yon tan pase pou prive te eksplwate fè pati domèn prive Leta, kit prive yo te bay konsesyon an se te yon patikilye oswa yon konpayi,

- Considérant qu'il convient d'édicter des normes d'aménagement spatial permettant de réhabiliter ces aires et leurs zones tampons et de préserver les ressources naturelles qui s'y trouvent encore dans une vision de création de conditions de richesses durables incluant aussi bien la lutte contre la pauvreté en milieu rural que la réduction de la vulnérabilité des populations humaines et des habitats sylvestres,
- Lè nou konsidere nesosite pou tabli règ sou itilizasyon teren yo pou pèmèt repare zòn sa yo ki dwe pwoteje epi zòn tanpon ki anviwonnen yo epi pwoteje resous natirèl ki ladan yo toujou nan bi pou kreye kondisyon ki va pèmèt bati richès solid ki vle di batay kont lamizè nan milye riral epi redwi redwi vilnerabilite ni pou popilasyon moun ni pou kondisyon lavi bèt ki nan bwa yo,

## REGLEMENT

## REGLEMAN

### TITRE I: DE L'OBJET

### TIT II: SOU TÈM LWA A

#### Article 1.

Est déclarée "Aire d'aménagement du Couloir Biologique du Massif de la Selle", l'ensemble des terrains situés à 1,500 mètres et plus d'altitude, dans les sections communales suivantes:

- 2<sup>e</sup> (Nouvelle Tourraine) et 4<sup>e</sup> (Belle Fontaine) sections communales de Kenscoff, (département de l'Ouest)
- 1<sup>e</sup> (Belle-Fontaine), 2<sup>e</sup> (Belle-Fontaine) et 3<sup>e</sup> (Belle-Fontaine) de la Croix-de-Bouquets (département de l'Ouest)
- 1<sup>e</sup> section communale (Fonds Parisien) de Ganthier (département de l'Ouest)
- Commune de Fond-Verrette (département de l'Ouest)
- 2<sup>e</sup> (Bois d'Orme) section communale de Anse-à-Pitre (département du Sud-Est)
- 3<sup>e</sup> (Thiotte) section communale de Thiotte (département du Sud-Est)
- Commune de Grand Gosier (département du Sud-Est)
- Totalité des sept sections communales de Belle-Anse (département du Sud-Est)
- 2<sup>e</sup> (Grande Rivière Fesles), 3<sup>e</sup> (Macary) et 4<sup>e</sup> (Fond Jean-Noel) sections communales de Marigot (département du Sud-Est)

#### Article 2

*L'article 2 est omis parce que réservé pour l'insertion éventuelle de la délimitation de la Réserve de Biosphère de Macaya*

#### Atik 1.

"Zòn Amenajman Koulwa Byolojik Masif Lasèl" kreye devan lalwa. Li gen andedanl, tout teren ki twouvel a 1,500 mèt wotè oswa plis, nan seksyon kominal sila yo:

- 2<sup>e</sup> (Nouvèl Tourèn) epi 4<sup>e</sup> (Bèl Fontèn) sou Kenscoff, (depatman Lwès)
- 1<sup>e</sup> (Bèl Fontèn), 2<sup>e</sup> (Bèl-Fontèn) epi 3<sup>e</sup> (Bèl Fontèn) sou Kwadèboukè (depatman Lwès)
- 1<sup>e</sup> seksyon kominal (Fon Parizyen) sou Gantye (depatman Lwès)
- Komin Fon-Vèrèt (depatman Lwès)
- 2<sup>e</sup> (Bwadòm) seksyon kominal Ansapit (depatman Sidès)
- 3<sup>e</sup> (Tyòt) seksyon kominal sou Tyòt (depatman Sidès)
- Komin Gran-Gozye (depatman Sidès)
- Tout 7 seksyon kominal Bèlans (depatman Sidès)
- 2<sup>e</sup> (Gran Riviyè Fèls), 3<sup>e</sup> (Makari) epi 4<sup>e</sup> (Fon Jan-Nwèl) sou Marigo (depatman Sidès)

#### Atik 2

*Atik 2 a pa parèt nan tèks sa a poutèt li konsène Pak Makaya*

## TITRE II: DES MESURES GENERALES

### Article 3

Au niveau des aires couvertes par la présente Loi, quiconque exploite, à des fins agricole, pastorale, forestière, minière ou de résidence, une portion de terre qui fut ravagée par le feu durant les dix-huit mois précédents, sera réputé fomentateur de ledit incendie de forêt et il sera jugé conformément à l'article 356 du code pénal. Cette sanction est valide quelque soient les conditions dans lesquelles le feu aura ravagé la couverture végétale dudit terrain. Elle s'applique même aux fermiers, métayers et autres cultivateurs exploitant le terrain en faire-valoir indirect.

### Article 4

Pour tout véhicule, soit à moteur, soit à traction animale, transportant des produits ligneux ou de produits locaux à base de cellulose, en provenance de l'une des zones couvertes par la présente loi ou traversant l'une de celles-ci, le transporteur doit être muni d'une autorisation de l'Agence Nationale des Aires Protégées/Ministère de l'Environnement ou de toute institution locale mandatée à cette fin sinon le véhicule sera confisqué et vendu à la criée publique.

**Article 4.1** Les sommes provenant de la vente à la criée publique de moyens de transports impliqués dans le trafic illégal de produits forestiers sera versé au fonds de fonctionnement de l'agence de gestion du Couloir Biologique sous la supervision de l'ANAP/ANZoP.

## TITRE II: SOU MEZI JENERAL YO

### Atik 3

Onivo Koulwa Byolojik Masif Lasèl, kenpòt gwoup oswa kenpòt enstitisyon ki eksplwate pou fè agrikilti, pou fè gadinaj, pou koupe bwa, pou fouye min oswa pou fè kay, yon pòsyon tè ki te pase anba dife pandan 18 mwa anvan yo, vin pase kòm reskonsab dife forè a devan lalwa. Moun sa ap sibi penn ki prevwa nan atik 356 kòd penal la. Sanksyon sa a valab kèlkilanswa kondisyon dife a te vin ravaje teren an. Mezi sa a ap frape menm fèmeye, demwatye ak lòt kiltivatè ki ta vin travay teren an sou dwa yon lòt moun.

### Atik 4

Pou soti nan Koulwa Byolojik Masif Lasèl oswa pou travèsel ak kenpòt mwayen transpò (kit se veyikil ak motè, kit se mwayen transpò ki sèvi ak fòs zannimo) depi chajman an gen ladanl bwa lokal oswa pwodui ki fèt ak bwa lokal, moun ki ap kondwi a dwe gen, nan menl, yon otorizasyon Ajans Nasyonal pou Zòn Pwoteje yo (ANAP/ANZoP) / Ministè Anviwonman oswa enstitisyon lokal ki va jwenn manda nan men yo pou fè travay kontwòl sa a sinon Leta ap sezi mwayen transpò a epi l'ap vann li "a la criée publique".

**Atik 4.1** Kòb lavant mwayen transpò ki nan trafik ilegal yo pral nan kès ki la pou jere koulwa byolojik la anba kontwòl ANAP/ANZoP.

### **TITRE III: DU ZONAGE**

#### **Article 5**

Au niveau des aires couvertes par la présente Loi, le terme "Zone marron" réfère à toute localité ou lieu-dit couverts de forêt naturelle (que ce soit de conifères ou de latifoliées) et qui doivent obligatoirement être conservés comme tels conformément aux articles 103 (relatif à l'habitat d'espèces de la flore et la faune sylvestres), 46 (relatif au patrimoine archéologique et spéléologique) et 49 à 52 (relatif aux aires relevant du Système National d'Aires Protégées), du décret du 12 octobre 2005 ou de l'article 1 du décret du 4 avril 1983 (instituant le parc national La Visite).

**Article 5.1** Conformément à l'article 36.3 de la Constitution de 1987, aux articles 186 à 190 du Code Rural de 1962 et aux articles 10, 95 et 104 du décret du 12 octobre 2005, la catégorie "zone marron" peut englober aussi bien des terrains du domaine de l'Etat que des propriétés privées.

**Article 5.2** Les activités d'exploitations agricole, minière, forestière portant sur la ressource ligneuse et toutes autres de nature extractive (incluant la production de chaux, l'arrachage de plantes ou la chasse d'espèces animales autres que les espèces d'oiseaux visées à l'article 17 du décret du 31 mars 1971 sur la surveillance de la chasse) sont strictement interdites dans les zones marron.

**Article 5.3** Les activités comme (i) l'apiculture, (ii) la collecte du bois sec, (iii) la chasse d'oiseaux dans les limites des espèces, des saisons et des moyens visés par la législation sur la surveillance de la chasse, (iv) la reproduction contrôlée et à petite échelle, d'espèces de flore et de faune sylvestres natives des lieux, (v) la recherche scientifique, (vi) le tourisme et les loisirs y sont sujettes à une autorisation conformément à l'article 138 du décret du 12 octobre 2005. Ladite autorisation doit émaner de l'Agence Nationale des Aires Protégées (ANAP)/ Ministère de l'Environnement ou de toute instance à laquelle celle-ci aurait donné mandat à cette fin.

**Article 5.4** La coupe de bois dans les "zones marron" n'est admissible que dans les cas prévus dans le plan d'entretien de la forêt et doit toujours se faire en présence d'un représentant autorisé de

### **TIT III: SOU UTILIZASYON TEREN YO**

#### **Atik 5**

Onivo Koulwa Byolojik Masif Lasèl, "Zòn Mawon" se tout lokalite oswa pozisyon epi ki kouvri ak espès bwa ki natif-natal peyi a (kit se forè bwa pen oswa rak bwa) epi ki dwe konsève kouvri ak forè oswa rak bwa sou baz kritè ki defini nan atik 103 (ki pale sou pwoteksyon abita pou espès plant ak zannimo sovaj), 46 (ki pale sou patrimwàn akeyolojik epi gwòt ak pasaj anba tè) epi 49 rive 52 (ki pale sou teren ki fè pati Sistèm Nasyonal Zòn Pwoteje yo) nan Dekrè 12 oktòb 2005 oswa ankò nan atik 1 Dekrè 4 Avril 1983 la (ki kreye Pak Nasyonal La Vizit).

**Atik 5.1** Sou baz atik 36.3 Konstitisyon 1987 la, atik 186 ak 190 Kòd Riral 1962 epi atik 10, 95 ak 104 dekrè 12 oktòb 2005 la, kapab genyen teren prive tankou teren Leta nan "zòn mawon" yo.

**Atik 5.2** Okenn aktivite eksplwatasyon pou agrilkilti, min, koupe bwa vèt ak lòt ki gen pou wè ak wete bagay nan forè oswa rak la (tankou fè lacho, rache plant oswa fè lachas lòt espès zannimo pase espès zwazo ki site nan atik 17 dekrè 31 mas 1971 la sou siveyans lachas) pa gen dwa fèt nan "zòn mawon".

**Atik 5.3** Aktivite tankou (i) gadinaj abèy (apikilti), (ii) ranmase bwa sèch, (iii) lachas espès zwazo lalwa otorize pandan sezon lachas la epi nan respè metòd lalwa pèmèt yo, (iv) repwodiksyon kontrole epi nan ti kantite, espès vejetal oswa espès zannimo natif natal forè oswa ankò (v) rechèch sysantifik, (vi) vizit pou touris ak lwazi kapab fèt andedan "zòn mawon" yo selman sou baz yon otorizasyon Leta jan sa prevwa nan atik 138 dekrè 12 oktòb 2005 la. Otorizasyon sa a se Ajans Nasyonal pou Zòn Pwoteje yo (ANAP/ANZoP) / Ministè Anviwonman oswa enstitisyon ki va jwenn manda nan men yo pou fè travay kontwòl la ki pou bay li.

**Atik 5.4** Koupe bwa vèt kapab fèt nan "zòn mawon" sèlman nan ka ki prevwa nan plan pou fè antretyen forè a epi dwe toujou genyen prezans yon reprezantan otorize Ajans Nasyonal pou Zòn

l'Agence Nationale des Aires Protégées (ANAP)/  
Ministère de l'Environnement ou de toute instance  
à laquelle celle-ci aurait donné mandat à cette fin.

**Article 5.5** Dans les "zones marron", toutes activités économiques ou socioculturelles autres que celles visées à l'alinéa 5.3 y sont prosrites. Toute nouvelle construction y est interdite indépendamment du statut foncier du terrain.

**Article 5.6** Toutefois, en l'absence de possibilités équitables de relogement, les résidences existantes, inscrites au registre de l'ANAP au .....2009 y sont tolérées. Toute modification ou expansion du bâti visé par le présent article doit requérir l'aval antérieur exprès de l'ANAP/ Ministère de l'Environnement ou de toute instance à laquelle celle-ci aurait donné mandat à cette fin. Ces familles bénéficient d'une dérogation leur permettant de garder, sur les lieux, pour les besoins ancillaires, un maximum de 3 têtes de gros bétail. En pareil cas, ces animaux doivent être gardés en enclos.

**Article 5.7** En fonction des connaissances scientifiques disponibles et validées à date, les localités et lieux-dits suivants sont consacrés "zones marron" au niveau des aires couvertes par la présente Loi:

List "zòn mawon" nan Koulwa Byolojik Masif Lasèl /  
Liste des "zones marron" du Couloir Biologique du Massif de la Selle

*Nan tablo sa a, non lokalite yo dwe site seksyon kominal pa seksyon kominal  
Dans ce tableau, les localités concernées seront listées en les regroupant autant que possible, par sections communales*

**Article 5.8** En fonction du progrès des connaissances, d'autres localités et lieux-dits pourront être classifiées "zone marron" à l'avenir par voie réglementaire, validée à l'échelle des assemblées municipales concernées.

**Article 6** Au niveau des aires couvertes par la présente Loi, le terme "zone noire" réfère à toute localité ou lieu-dit que l'Etat décide de mettre en défens de manière stricte.

Pwoteje yo (ANAP/ANZoP) / Ministè  
Anviwonman oswa enstitisyon ki va jwenn manda  
nan men yo pou fè travay kontwòl la.

**Atik 5.5** Pèsonn moun pa gen dwa mennen lòt aktivite ekonomik pase sa ki site nan atik 5.3 a, ni mennen aktivite sosyal oswa kiltirèl. Pèsonn pa gen dwa bati nouvo kay sou teren ki nan zòn mawon kèlkilanswa tit yo ta genyen pou li.

**Atik 5.6** Annatandan posibilite pou pèmèt moun kapab ale abite lòt kote nan bon kondisyon, tout kay ki resanse nan achiv ANAP nan dat ..... 2009 andedan zòn mawon yo, gen dwa kontinye sèvi kòm kay rezidans. Men, moun sa yo pa gen dwa ajoute okenn tonel oswa batiman nan lakou a san yo pa jwenn pèmi ekri nan men Ajans Nasyonal pou Zòn Pwoteje yo (ANAP/ANZoP) / Ministè Anviwonman oswa enstitisyon ki va jwenn manda nan men yo pou fè travay kontwòl la. Nan ka espesyal sa a, fanmi sa yo benefisyè yon dwa espesyal pou kapab fè, nan lakou sa a, gadinaj kèk bèf, chwal, milèt oswa bourik. Men, nan ka sa yo, bèt sa yo dwe gade nan pak epi kantite total yo pa kapab depase 3 tèt zannimo.

**Atik 5.7** Sou baz rapò lasyans ANAP valide, onivo zòn lwa sa kouvri, tout lokalite ak pozisyon ki nan tablo sa a, fè pati "zòn mawon":

**Atik 5.8** Sou baz pwogrè lasyans, lòt lokalite ak pozisyon andiplis kapab vin klase " zòn mawon". Sa dwe fèt nan respè pwosedi legal epi desizyon sa yo dwe jwenn akò asanble minisipal ki konsène yo.

**Atik 6** Onivo Koulwa Byolojik Masif Lasèl, "Zòn nwa" se tout lokalite oswa pozisyon Leta deside pou stope tout aktivite moun sou yo pou pèmèt lanati peyi a tounen vyèj ladan yo.

**Article 6.1** Aucune circulation humaine ou d'animaux domestiques n'est admise dans les zones noires sans une autorisation expresse de l'Agence Nationale des Aires Protégées (ANAP)/ Ministère de l'Environnement ou de toute instance à laquelle celle-ci aurait donné mandat à cette fin.

**Article 6.2** Les exploitants de biens meubles ou immeubles, à titre de propriétaires ou de fermiers, dans les localités ou lieux-dits classés zones noires au moment de la promulgation de la décision, auront droit à une indemnisation conformément à la législation nationale sur les déclarations d'utilité publique.

### **Article 7**

Au niveau des aires couvertes par la présente Loi, le terme "zone jaune" réfère aux sites où il est désirable de concentrer les établissements humains pour des raisons de facilités relatives d'approvisionnement en eau potable, de protection contre les inondations, les glissements de terrain, les chutes de pierres et les effondrements et de percée de voies de désenclavement qui affectent le moins possible la zone marron. Les zones jaunes sont les seuls sites où toutes nouvelles infrastructures sociales ou économiques doivent être concentrées. Entre autres infrastructures sociales, sont visées les adductions d'eau potable ou fontaines publiques, systèmes collectif d'assainissement, soins de santé, éducation, police, pratiques religieuses et loisirs. Entre autres infrastructures économique, sont visées toutes installations utilisées à des fins de commerce, de fourniture d'énergie électrique, de débit de combustible, d'agro-artisanat, d'agro-industrie, d'industrie ou d'artisanat de groupe.

**Article 7.1** L'agriculture, l'élevage, l'agroforesterie et la foresterie sont admises en "zones jaunes" dans le respect des normes d'urbanisme qui conviennent à la densité de population. Les bosquets en zones jaunes peuvent être exploités à des fins de commerce de produits ligneux dans le respect des procédures prévues à l'article 4 de la présente Loi.

**Article 7.2** Pour des motifs de mitigation de risques comme les risques sismiques ou la pollution ou de mise en valeur de paysages ou de ressources patrimoniales, des normes additionnelles peuvent être édictées, au niveau local, pour constructions.

**Atik 6.1** Okenn moun pa gen dwa travèse yon zòn nwa ni ankouraje zannimo domestik li rantre ladan san yon otorizasyon ekri Ajans Nasyonal pou Zòn Pwoteje yo (ANAP/ANZoP) / Ministè Anviwonman oswa enstitisyon ki va jwenn mandan nan men yo pou fè travay kontwòl la.

**Atik 6.2** Moun ki gen enterè ekonomik, kit se kòm pwopriyete oswa fèmeye nan lokalite ak pozisyon Leta klase kòm "zòn nwa" nan moman desizyon an pran, dwe jwenn dedomajman jan sa prevwa nan lalwa peyi a ki trete ka deklarasyon itilite piblik.

### **Atik 7**

Onivo Koulwa Byolojik Masif Lasèl, "Zòn Jòn" se lokalite ak pozisyon kote Leta wè li pi bon pou ankouraje popilasyon an ale abite sou baz fasilite pou pèmèt yo jwenn dlo potab, pou yo kapab soufri mwens nan ka inondasyon, tè glise, deboulay wòch, anfalman tè, epi fè wout rive ak mwens dega pou zòn mawon yo. Se nan zòn jòn yo ase, Leta oswa òganism devlopman gen dwa pou tabli oswa ede tabli okenn nouvo enfrastrikti sosyal oswa ekonomik. Kòm enfrastrikti sosyal atik sa a vize, gen, pa egzans, rezo tiyo ki ap pote dlo potab oswa fontèn piblik, òganizasyon kominotè pou ranmase epi trete fatra, enstalasyon pou bay swen lasante, edikasyon, sèvis lapolis, pratike relijyon oswa lwazi. Kòm enfrastrikti ekonomik atik sa a vize gen tout enstalasyon pou fè komès, transfòmè pwodui jaden sou baz atizanal oswa endistriyel, fè atizana an gwoup, fè kouri fil kouran elektrik, vann konbistib.

**Atik 7.1** Jaden, gadinaj zannimo, forè oswa melanj jaden ak forè andwa fèt nan "zòn jòn" yo nan respè règ ibanism ki koresponn ak dansite popilasyon an. Forè ki nan "zòn jòn" yo kapab eksplwate pou fè komès bwa nan respè pwosedi ki prevwa nan atik 4 règleman an.

**Atik 7.2** Pou pwoteksyon kont risk sekous sismik oswa polisyon oswa ankò pou pwoteje bèlte peyizaj oswa kèk patrimwàn, Leta oswa otorite lokal yo kapab tabli règ andiplis sou fason oswa pozisyon pou kay nan zòn jòn yo bati.

**Article 7.3** La délimitation des "zones jaunes" et/ou leur validation relève des prérogatives des assemblées de collectivités territoriales conformément à la législation en la matière, dont les articles 25, 34 et 37 du décret du 12 octobre 2005.

#### **Article 8**

Au niveau des aires couvertes par la présente Loi, le terme "zone verte" réfère à toute localité ou lieu-dit à vocation d'intensification de production agricole. Elles correspondent à l'un ou l'autre des deux cas suivants:

a. zones vert pâle: elles présentent un potentiel intéressant de production pour les cultures sarclées sans risque d'érosion de surface. Cette catégorie inclue (i) les sites à pente inférieure ou égale à 5%, (ii) les fonds frais des ravines traitées par des structures de freinage des eaux torrentielles et même (iii) des zones de lagons et de bas-fonds fertiles à risque d'inondation.

b. zones vert foncé: elles englobent tous sites, non inclus dans la zone marron, correspondent à l'un des 4 cas suivants: (i) le périmètre de protection rapprochée d'une source ou d'un point d'eau (50 mètres de large au minimum suivant le décret de.....), (ii) une bordure de sécurité par rapport à une falaise (50 mètres minimum de large en vertu du décret de .....), (iii) la frange de protection du domaine public hydraulique naturel (articles 111 à 113 du décret du 12 octobre 2005), (iv) des terrains présentant des risques de glissements de terre, de chutes de pierres ou d'effondrements. En conséquence, il convient d'en faire des zones non aedificandi et de les valoriser par des cultures productives mais qui assurent une couverture végétale pérenne avec une bonne capacité de rétention des sols contre l'érosion de surface: vergers, pâturages permanents, forêts de production, agroforesterie...

**Article 8.1** Tout terrain à pente égale ou inférieure à 5%, à sols non salins et de profondeur de 15 cm et plus et ne correspondant à aucun des critères de protection de sites hydrauliques ou de falaises spécifiques aux zones marron ou vert foncé, est classé zone vert pâle. Ledit critère n'est valable cependant pour un terrain enclavé ou semi-enclavé par une aire de zone marron que si le terrain en question a une superficie supérieure ou égale à 2 hectares.

**Atik 7.3** Se asanble kolektivite teritoryal yo ki pou deside sou delimitasyon "zòn jòn" yo jan lalwa prevwa sa tankou atik 25, 34 ak 37 nan dekrè 12 oktòb 2005 la.

#### **Atik 8**

Nan Koulwa Byolojik Masif Lasèl, "Zòn Vèt" se tout lokalite kote Leta vle ankouraje devlopman agrikòl. Yo koresponn ak youn oswa lòt nan 2 ka sa yo:

a. zòn vèt pal: se pozisyon enteresan pou fè kilti sakle san risk pou tè a lave. Nan kategori sa a, gen (i) teren kote pant la pa depase 5%, (ii) fon ravin ki trete ak strikti konsèvasyon sòl epi (iii) zòn lagon ak bafon fètil ki kapab inonde lè lapli.

b. zòn vèt fonse: kategori sa a rasanble tout lokalite ak pozisyon ki pa klase nan zon mawon epi ki koresponn ak youn nan 4 ka sa yo: (i) yo nan yon distans 50 mètr oswa mwens yon sous oswa yon pwèn dlo -sa ki koresponn ak perimèt rapwoche resous dlo sa (dekrè....), (ii) yo nan yon distans 50 mètr oswa mwens yon falèz – sa ki koresponn ak espas sekirite falèz la (dekrè...), (iii) yo nan espas pwoteksyon yon domèn piblik idwolik natirèl (atik 111 rive 113 nan dekrè 12 oktòb 2005 la), (iv) teren an make vide oswa devale wòch sou teren pi ba oswa li make anfale. Kidonk, teren sa yo pa dwe konstwi epi li pi bon pou fè plantasyon ki kapab rapòte sou yo. Men, plantasyon sa yo dwe pwoteje tè a kont ewozyon lè lapli tonbe tankou jaden pye fwi, patiraj pèmanan pou zannimo, forè pou jwenn bwa pou koupe, agwoforestri...

**Atik 8.1** Tout teren ki gen pant egal oswa pi fèb pase 5%, kote tè gen 15 santimèt oswa plis fondè epi li pa sale epi li pa nan okenn nan zòn pwoteksyon pou resous dlo oswa kont falèz, dwe klase nan kategori vèt pal. Nan ka yon teren konsa ta nan mitan yon zòn mawon oswa zòn mawon an ta va antoure sou pifò kotel, li pap klase nan zòn vèt pal si li pa mezire 2 ekta pou pi piti.

**Article 8.2** Les "zones vert pâle" sont stratégiques pour une politique de sécurité alimentaire. La protection et la récupération de la surface agricole utile (SAU) et de la fertilité y sont prioritaires. Dans cette optique, elles doivent être protégées de tout facteur d'érosion (hydrique ou éolien). Toute infrastructure susceptible de les altérer en qualité ou en quantité et d'affecter directement ou indirectement les rendements agricoles doit y être formellement découragée.

**Article 8.3** Les établissements humains existants déjà en zones vertes à la promulgation de la présente Loi, sont tolérés mais toute nouvelle résidence, bâtiment de services ou modification de structure existante est sujet à des limitations de densité d'espace non agricoles à l'hectare et de gestion des résidus non putrescibles. NB. Il conviendrait de préciser, dans le règlement, le ratio maximum d'espace non cultivable admissible en zones vertes pour l'octroi de permis pour nouvelles constructions. Le ratio pourrait être plus sévère en zones vert pale qu'en zones vert foncé.

**Article 8.4** Les bosquets et forêts se trouvant en "zones vertes" peuvent être exploitées pour le commerce de bois dans le respect des procédures prévues à l'article 4 de la présente Loi.

**Article 8.5** La délimitation des "zones vertes" et/ou leur validation relève des prérogatives des assemblées de collectivités territoriales conformément à la législation en la matière, dont les articles 25, 34 et 95 du décret du 12 octobre 2005.

## Article 9

Au niveau des aires couvertes par la présente Loi, le terme "zone rouge" réfère à toute localité, lieu-dit ou terrain répondant aux trois conditions suivantes: (a) est très dégradées ou déboisées au moment du zonage, (b) le/les utilisateur(s) ne dispose(nt) pas des ressources leur permettant de faire face seuls aux coûts et aux délais de réhabilitation ou sont, manifestement, non désireux de le faire et (c) présente une ou plusieurs des caractéristiques suivantes:

- est indexé par des études scientifiques validées par l'Agence Nationale des Aires Protégées (ANAP)/ Ministère de l'Environnement comme devant faire partie de la catégorie "zone

**Atik 8.2** "Zòn vèt pal" yo stratejik nan kad politik sekirite peyi a nan kesyon lamanjay. Rekipere teren sa yo pou jaden sakle epi kenbe yo fètil se yon priyorite pou peyi a. Nan objektif sa a, yo dwe pwoteje kont ewozyon (kit se ewozyon lapli, kit se ewozyon van). Tout entèkansyon ki riske diminye sou gwosè oswa sou kalite yo oswa ki riske, swa dirèkteman swa endirèkteman, gen konsekans negatif sou randman jaden yo dwe dekouraje.

**Atik 8.3** Kay ki te egziste deja nan " zòn vèt" nan moman lwa sa a pibliye, kapab rete men kenpòt nouvo kay, kit se pou moun abite, oswa pou mennen lòt aktivite epi kenpòt agrandisman nan kay ki egziste yo dwe jwenn otorizasyon Leta sou baz limit gwosè espas ki pa kapab fè jaden ki andwa genyen pa ekta epi fason dechè ki pa kapab pouri yo pral jere. Li ta pi bon pou tou bay, nan lwa sa a, kantite maksimòm espas ki andwa detounen de agrikilti pa ekta nan zòn vèt yo. Atansyon, chif la andwa pa menm ant zòn vèt pal ak zòn vèt fonse.

**Atik 8.4** Forè epi plantasyon bwa ki nan "zòn vèt" yo kapab eksplwate pou komès bwa nan respè pwosedi ki prevwa nan atik 4 Lwa sa a.

**Atik 8.5** Se asanble kolektivite teritoryal yo ki pou deside sou delimitasyon diferan kalite "zòn vèt" yo nan jiridiksyon yo jan lalwa prevwa sa tankou atik 25, 34 ak 95 nan dekrè 12 oktòb 2005 la.

## Atik 9

Nan Koulwa Byolojik Masif Lasèl, "Zòn Wouj" se tout lokalite, pozisyon oswa pòsyon teren ki koresponn ak 3 kondisyon sila yo: (a) yo debwaze epi trè degrade nan moman zonaj la, (b) moun ki ap sèvi sou yo pa gen mwayen pou ta pote poukont yo, chay pou repare teren sa yo nan yon delè rezonab oswa eksperyans montre yo pa gen volonte pou fè sa epi (ch) yo prezante omwens youn nan lòt karakteristik sa yo:

- Gen etid syantifik Ajans Nasyonal pou Zòn Pwoteje yo (ANAP/ANZoP) / Ministè Anviwonman aksepte ki demontre li ta dwe fè pati kategori "zòn mawon" oswa "zòn nwa".
- Li twouvel nan lantouraj yon rezèv dlo, sou

- marron" ou de la catégorie "zone noire",
- correspond aux conditions visées par les articles 75 à 79 du Code Rural de 1964 faisant obligation de couverture forestière pour le périmètre rapproché des sources, les berges des rivières et ravins, les pentes de gorges, les bordures de falaises complétés par les articles 95 et 111 à 113 du décret du 12 octobre 2005,
- correspond aux conditions énoncées aux articles 99 et 100 du décret du 12 octobre 2005 traitant des terrains impropres à l'agriculture du fait de leur état avancé de dégradation,
- correspond aux conditions énoncées aux articles 148 et 149 du décret du 12 octobre 2005 traitant des zones stratégiques pour la réduction de la vulnérabilité aux risques météorologiques, sismiques et climatiques et est nommément inscrit au Plan National de Réduction et de Gestion des Risques et Désastres
- est enclavé ou semi-enclavé par une zone marron, ne correspond pas aux critères de zone vert pâle décrits à l'alinéa 8.1.

**Article 9.1** Conformément à l'article 36.3 de la Constitution de 1987, aux articles 186 à 190 du Code Rural de 1962 et aux articles 10, 95 et 104 du décret du 12 octobre 2005, la catégorie "zone rouge" peut englober aussi des terrains du domaine de l'Etat que des propriétés privées.

**Article 9.2** L'Agence Nationale des Aires Protégées (ANAP)/ Ministère de l'Environnement doit préciser pour chaque "zone rouge" si elle a pour vocation d'évoluer en "zone marron" ou en "zone vert foncé". Cette précision influe sur les espèces végétales arbustives et arborées et sur la vocation de ces plantations.

**Article 9.3** Les activités d'extraction minière et de production de chaux sont formellement interdites dans les zones rouges à vocation marron. Pour les zones rouges à vocation vert foncé, elles sont sujettes à la réglementation nationale.

**Article 9.4** L'élevage n'est autorisé qu'en enclos ou en cages dans toutes les catégories de zones rouges. Tout animal trouvé en divagation ou élevé au piquet dans une zone rouge, sera saisi et son

- rivaj yon kouran dlo (kit se rivyè oswa ravin) oswa ankò sou bòdi falèz kidonk atik kòd rural 1964 la, soti nimewo 75 rive nimewo 79, dwe aplike sou li ansanm ak atik 95 epi atik 111 rive 113 nan dekrè 12 oktòb 2005 la.
- Li pa kapab bay rekolt ankò si telman li degrade kidonk li tonbe anba atik 99 ak 100 nan dekrè 12 oktòb 2005 la
- Li twouvel nan yon pozisyon ki stratejik nan kad plan pou diminiye danje pou popilasyon an nan ka sekous meterolojik (tankou dlo desann, siklòn...) oswa risk deboulaj tè, risk glisman teren epi li enskri nan Plan Nasyonal pou Diminye epi Jere Risk ak Dezas kidonk li tonbe anba atik 148 ak 149 nan dekrè 12 oktòb 2005 la.
- Li nan mitan yon zòn mawon oswa li antoure sou pi fò kotel ak zòn mawon epi li pa koresponn ak tout kritè kalite ki prezante nan atik 8.1 pou kapab klase yon teren nan zòn vèt pal.

**Atik 9.1** Sou baz atik 36.3 nan konstitisyon 1987 la, atik 186 rive 190 nan kòd rural 1962 a epi atik 10, 95 ak 104 nan dekrè 12 oktòb 2005 la, kapab genyen teren prive tankou teren Leta nan "zòn wouj" yo.

**Atik 9.2** Ajans Nasyonal pou Zòn Pwoteje yo (ANAP/ANZoP) Ministè Anviwonman dwe presize pou chak "zòn wouj" si li gen vokasyon pou tounen yon "zòn mawon" oswa yon "zòn vèt fonse" pi devan. Presizyon sa a gen konsekans sou kalite pye bwa (gwo espès tankou piti) ki gen dwa plante sou li epi vokasyon plantasyon sila yo.

**Atik 9.3** Okenn eksplwatasyon min, karyè materyo konstriksyon oswa lacho pa kapab fèt nan "zòn wouj ki gen vokasyon pou tounen zòn mawon" yo. Nan "zòn wouj ki gn vokasyon pou tounen zòn vèt fonse", aktivite sa yo kapab fèt men nan respè lalwa.

**Atik 9.4** Andedan tout kalite "zòn wouj" yo, gadinaj zannimo kapab fèt sèlman si zannimo yo toujou fèmen nan pak oswa nan kalòj fiks. Kenpòt zannimo ki twouve l ap valkande oswa ki mare nan

propriétaire devra payer, en sus du tarif du piquet, une amende équivalent au quart de la valeur commerciale de l'animal. En cas de récidive, l'animal sera vendu à la criée publique.

**Article 9.5** En fonction de la productivité et de la stabilité des terrains, certaines productions agricoles suivant des techniques s'apparentant à la permaculture ou la taungya peuvent être permises dans toutes les catégories de "zones rouges", sous contrôle de l'Agence Nationale des Aires Protégées (ANAP)/Ministère de l'Environnement ou de toute instance à laquelle celle-ci aurait donné mandat à cette fin. En dehors des productions spécifiées à l'alinéa 5.3, ces concessions d'exploitation ne peuvent s'étendre sur une période supérieure à quarante-huit mois à compter de la promulgation du plan de zonage.

**Article 9.6** Dans les "zones rouges" de toutes catégories, les extractions de produits ligneux (résines ou bois) ne sont admissibles que pour des volumes correspondant aux besoins domestiques des riverains et que moyennant l'obtention d'une certification d'exploitation forestière durable spécifique à une parcelle donnée délivrée par le Ministère de l'Environnement.

**Article 9.7** La gestion des "zones rouges à vocation marron" incombe exclusivement à l'Agence Nationale des Aires Protégées (ANAP)/Ministère de l'Environnement ou de toute instance à laquelle celle-ci aurait donné mandat à cette fin tandis qu'elle en partage la responsabilité, sur la base de protocoles, avec les collectivités territoriales pour les "zones rouges à vocation vert foncé".

**Article 9.8** Au niveau des aires couvertes par la présente Loi, sont consacrées "zones rouges à vocation marron", les localités, lieux-dits et aires suivants:

List "zòn wouj ki gen vokasyon mawon" nan Koulwa Byolojik Masif Lasèl /  
Liste des "zones rouges à vocation marron" du Couloir Biologique du Massif de la Selle

*Nan tablo sa a, non lokalite yo dwe site seksyon kominal pa seksyon kominal  
Dans ce tableau, les localités concernées seront listées en les regroupant autant que possible, par sections communales*

pikèt nan zòn wouj yo, ap sezi epi mèt li ap gen pou peye tarif pikèt la plis yon amann ki egal yon ka pri bèt la sou mache. Nan ka residiv, bèt la ap vann sou plas piblik.

**Atik 9.5** Sou baz richès tè a epi stabilite teren an, Ajans Nasyonal pou Zòn Pwoteje yo (ANAP/ANZoP) Ministè Anviwonman oswa enstitisyon lokal ki ta jwenn manda nan men yo pou fè travay kontwòl la kapab pèmèt kèk agrikiltè kiltive kèk plant oswa fè gadinaj nan diferan kalite "zòn wouj" yo sou kondisyon agrikiltè a itilize teknik pèmakilti oswa taungya. An wetan ka espesyal ki prevwa nan atik 5.3 a, konsesyon sa yo pa janm kapab depase 48° mwa apre plan zonaj la pibliye.

**Atik 9.6** Nan diferan kalite "zòn wouj" yo, se selman moun ki abite nan katye a ki kapab jwenn otorizasyon pou ranmase bwa. Menm la, ankò, otorizasyon an valab sèlman pou kantite bwa ki koresponn ak sa fanmi a itilize pou bezwen lakay pal ase epi li kapab bay sèlman si Ministè Anviwonman apwouve plan fanmi sa a genyen pou jere pasèl forè sa a dekwa pou li toujou kontinye devlope.

**Atik 9.7** Se Ajans Nasyonal pou Zòn Pwoteje yo (ANAP/ANZoP) Ministè Anviwonman oswa enstitisyon lokal ki ta jwenn manda nan men yo pou fè travay kontwòl la ki reskonsab jere "zòn wouj ki gen vokasyon pou tounen zòn mawon". Pou "zòn wouj ki gen vokasyon pou tounen zòn vèt fonse" ANAP/ANZoP pataje reskonsabilite a ak kolektivite teritoyal yo sou baz pwotokòl.

**Atik 9.8** Onivo zòn lwa sa kouvri, tout lokalite ak pozisyon ki nan tablo sa a, fè pati "zòn wouj ki gen vokasyon pou tounen zòn mawon".

**Article 9.9** Au niveau des aires couvertes par la présente Loi, sont consacrées "zones rouges à vocation vert foncé", les localités, lieux-dits et aires suivants:

**Atik 9.9** Onivo zòn lwa sa kouvri, tout lokalite ak pozisyon ki nan tablo sa a, fè pati "zòn wouj ki gen vokasyon pou tounen zòn vèt fonse.

List "zòn wouj ki gen vokasyon vèt fonse" nan Koulwa Byolojik Masif Lasèl /  
Liste des "zones rouges à vocation vert foncé" du Couloir Biologique du Massif de la Selle

*Nan tablo sa a, non lokalite yo dwe site seksyon kominal pa seksyon kominal  
Dans ce tableau, les localités concernées seront listées en les regroupant autant que possible, par sections communales*

**Article 10**

Une aire de zone marron ne peut être surplombée que par des terrains de zones à couverture végétale pérenne et à dominante arborée plurispécies: (i) zone marron, (ii) zone vert foncée à dominante de vergers plurispécies, (iii) zone rouge à vocation marron, ou (iv) zone rouge à vocation vert foncé avec obligation d'aménagement majoritairement en vergers d'espèces multiples.

**Atik 10**

Tout teren ki sou tèt yon zòn mawon dwe klase nan youn nan kategori ki mande pou yo kouvri ak kouvèti vejetal pèmanan oswa kote tè a pwoteje ak plizyè espès bwa tankou: (1) zòn mawon, (ii) zòn vèt fonse kouvri ak plizyè kalite pye fwi, (iii) zòn wouj ki gen vokasyon pou tounen zòn mawon oswa (iv) zòn wouj ki gen vokasyon pou tounen zòn vèt fonse ak obligasyon pou kouvri li an majorite ak plizyè espès pye fwi diferan.

**Article 11**

Tout lieu-dit ou aire non spécifiquement classé dans une catégorie du zonage, doit être géré conformément à la catégorie dans laquelle il est enclavé ou semi-enclavé de manière majoritaire.

**Atik 11**

Tout pozisyon oswa teren ki pa klase nan youn nan kategori zonaj la, dwe jere dapre règ ki koresponn ak kategori ki anviwonnenl nèt oswa an majorite.

**Article 11.1** La catégorie vert foncé est celle par défaut pour toute l'aire couverte par la présente Loi. Elle s'applique pour toute localité, lieu-dit ou aire qui se retrouverait à l'interface de deux plages ou plus relevant de catégories différentes de zonage.

**Atik 11.1** Kategori vèt fonse se kategori ki dwe aplike pou tout lokalite, pozisyon oswa teren kote gen diskisyon sou nan ki kategori pou klasel.

**Article 12**

Les "zones jaunes" et les "zones vertes" couvertes par la présente loi servent de zones tampon pour les aires protégées.

**Atik 12**

"Zòn jòn" ak "zòn vèt" lwa sa tabli sèvi zòn tanpon pou zòn pwoteje yo.

**Article 12.1** Les Ministères de l'Agriculture et de l'Environnement édicteront, par arrêtés, de concert avec les autorités locales et les secteurs concernés des normes et des mesures incitatives pour transformer les zones tampons couvertes par la présente loi, en zones certifiées de production agricole organique.

**Atik 12.1** Ministè Agrikilti ak Ministè Anviwònman ap fè soti, apre konsètasyon ak otorite lokal yo epi sektè ki konsène yo, arete ki va pibliye nan jounal ofisyèl, pou defini yon strateji ak yon seri règleman pou fè zòn tanpon lwa sa tabli tounen zòn agrikilti òganik sètifye.

**Article 12.2** Les Ministères de l'Agriculture et de l'Environnement veilleront à prévenir et à contrôler l'introduction de toute espèce végétale ou animale envahissante dans les zones tampons couvertes par la présente loi.

**Article 13**

Les différentes zones listées aux articles 5.4, 6.7, 7.2 et 8.4 feront l'objet d'arpentage et de bornage sur le terrain à la diligence de l'Office National du Cadastre pour le compte de l'Agence Nationale des Aires Protégées/Ministère de l'Environnement ou des collectivités territoriales affectées chacun en ce qui le concerne

**Atik 12.2** Ministè Agrikilti ak Ministè Anviwònman

Dwe pran mezi pou anpeche epi kontwole pou pa pèmèt okenn espès vejetal oswa espès zannimo ki pa natif natal zòn la epi ki anvayisan vin devlope nan zòn tanpon lwa sa a tabli.

**Atik 13**

Diferan zòn ki site nan atik 5.4, 6.7, 7.2 ak 8.4, dwe apante epi bònè pa Ofis Nasyonal Kadas pou sèvis Ajans Nasyonal pou Zòn Pwoteje yo/Ministè Anviwònman ak kolektivite teritoryal ki konsèn yo, yo chak nan sa ki tonbe sou kontwòl yo.

<p><u>Note:</u> Il manque encore à ce texte réglementaire plusieurs éléments dont:</p>	<p><u>Nòt:</u> Gen plizyè lòt bagay ki dwe parèt nan règleman sa a. Espesyalman:</p>
<p>1. Comme incitation additionnelle à la relocalisation des populations dans les zones jaunes (zones d'habitat) et les zones vertes (agriculture uniquement), il doit être institué un mécanisme (incluant l'INARA et l'Office du Cadastre) permettant d'accorder immédiatement des titres de propriétés non équivoques et supporté par un cadastre bien organisé pour les terrains à mettre en valeur dans ces zones.</p>	<p>1. Pou ankouraje piplis popilasyon ki gen pou deplase yo vin tabli nan zòn jòn yo epi fè jaden an zòn vèt yo, dwe gen strikti ki tabli (ak INARA epi Ofis Kadas) pou pèmèt moun sa yo jwenn, rapid-rapid, bon jan papye legal ki montre tèren sa yo rele yo chè mètr chè mètrès epi kadas la dwe byen òganize pou fasilite regleman pou kenpòt konfli ki ta ka vin parèt parapre.</p>
<p>2. Il faut préciser comment l'instance qui sera responsable de gérer le couloir biologique sous la supervision de l'ANAP sera constituée et d'où proviendront ses ressources.</p>	<p>2. Gen nesosite pou dekri kouman pou enstitisyon ki pral reskonsab jere koulwa byolojik la onivo lokal anba kontwòl ANZòP la ap fòme epi kote li ap jwenn mwayen pou li travay</p>
<p><i>Le decret du 12 octobre 2005 prévoit que chaque aire protégée d'envergure nationale doit avoir son propre conseil d'administration.</i></p> <p><i>Cette approche devrait permettre une participation multisectorielle dans la gestion des ces aires protégées, notamment des associations écologistes, les collectivités territoriales, les organisations de riverains et le secteur privé des affaires impliqué dans l'écotourisme.</i></p>	<p><i>Dekrè 12 oktòb 2005 la prevwa pou chak zòn pwoteje gen pwòp konsèy direksyon.</i></p> <p><i>Apwòch sa a pèmèt asosiyasyon ekolojist yo, kolektivite teritoryal yo, òganizasyon peyizan nan zòn la epi sektè prive ki enplike nan ekotourism patisipe tou nan jesyon zòn pwoteje yo a</i></p>

<p>3. Les procédures pour que le Ministère de l'Environnement ou l'instance qu'il délèguera, accorde des concessions d'exploitation à des privés dans les zones rouges et les zones marron</p>	<p>3. Gen nesite presize pwosedi pou Ministè anviwònman akodè kontra konsesyon eksplwatasyon bay enstitisyon oswa fanmi prive nan zòn wouj ak zòn mawon.</p>
<p>4. Les procédures et moyens pour que le Ministère de l'Agriculture procure l'assistance technique appropriée pour permettre l'augmentation de la productivité sur les parcelles agricoles autorisées tout en maintenant un contrôle strict de l'érosion des sols et des ressources hydriques.</p>	<p>4. Gen nesite presize pwosedi ak mwayen pou Ministè Agrikilti bay agrikiltè yo asistans teknik yo bezwen pou pèmèt ogmante randman su pasèl tè kote agrilkilti a otorize pou fèt san sa pa pwovoke ewozyon tè yo ni sa pa afekte dlo yo.</p>
<p>5. Les dispositions pour le déploiement des structures appropriées de surveillance et de gestion des ressources naturelles.</p>	<p>5. Gen nesite presize fason kò ki reskonsab pou siveye resous natirèl yo pral deplwaye epi travay</p>
<p>6. un chapitre sur les sanctions contre les contrevenants.</p>	<p>6. Dwe gen yon chapit ki pale sou pinisyon pou moun ki pa konfòme yo ak lwa sa a.</p>

Note : La présente version de l'Avant projet reflète les réflexions au 15 mars 2009.